

MUTEMO WEKODZERO DZEVARIMI UYE MBEU

Hurumende dzemuAfrica hadzisi kudzidzivirira kodzero dzevarimi

Nyika dzinokwana makumi mana nembiru muAfrica dzakabvuma mutemo unonzi **International Treaty on Plant Genetic Resources for Food and Agriculture**, uyo unozi vikanwa zvakare kuti *Seed Treaty* wakatanga kushanda muna June 2004.

Mutemo uyu unocherechedza konzero dzevarimi, kuchengeta, kushandisa, kuchinjana uye kutengesa mbeu dzinenge dzakachengetwa nedzimwewo mbeu dzinorimwa. Unochenetedzawo ruzivo rwemuAfrica, uye kuita kuti vagari vemunzvimbo vawanewo chouvir i kana pane vanenge vashandisa ruzivo rwavo pakutengesa mbeu idzi. *Seed Treaty* inosungira hurumende kuti;

- ◆ varimi vachipawo mazano avo panyaya dzine chekuita nembeu nezvimbewo zvirimwa.
- ◆ kodzero dzevarimi kuti vashandisezve mbeu dzavanochengeta kana vapedza kukohwa.

Zvinosuwisa kuti hurumende dzemuAfrica dziri kutadza kuzadzisa zvisungo izvi.



African Model Law

Dunhu rose reAfrica, pane mutemo uyo unonzi **African Model Law** uri maererano nekudzivirirwa kwekodzero dzevarimi vemunzvimbo, varimi nevauchiki.

Mutemo uyu unocherechedza kodzero dzose kusanganisira,

- ◆ vauchiki vezvose zvinorimwa
- ◆ varimi vanoitawo zvekuuchika mbeu

- ◆ kudyarwazve kwembeu dzinochengetwa pashure pegohwo, kuchinjana uye kutengesa mbeu dzavo dzavanenge vakachengeta.

Mutemo uyu haubvumidzi zvekuva muridzi pazvinhu zvakaita sembeu, uye zvimbewo zvirimwa.

Zvisinei mutemo uyu zvakare hurumende dzemuAfrica hadzisi kuutevedza

